# Tànk-ndànk

WOLOF

CP

Jéego 4

Téere 3



République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

Vente interdite

République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 4 Téere 3

Édition 2018
Réimpression 2020

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Bésub ñakku ........ 4


Mboor, buqat bi ........ 20

Xam naa sama wareef ci gox bi. ........ 36

Bunaama, xale bu baax ........ 52

Sooda jël na ndam li ........ 68


# Bésub ñakku





Tey la bésub ñakku ci sunu ekool.
Kinne ànd na ak seexam Góora di waxtaan.
Kinne sol na mariñeer ak sipp bu baxa,
Góora anàngo ak tubey.
Ba nu egsee, danu fekk ekool bi fees dell ak i elew.
Ëttu ekool bi xumb na, ñee ngi fo, ñeneen ñi di waxtaan.



Muse Juuf mu ngi wax elew yi ñu def raŋ.
Kinne ak Góora ñoo toppante.
Kinnee ngi tàppante ak xaritam, di xàqataay.
Góora noppi, mel ne ku ñu tere wax.
Yenn saa yi mu geestu ndeyjooram, bët yi di xef ak a xippi.



Dafa mel ne Góora dafay séentu ñiy ñakk
fu ñu tollu.
Ak ni mu mënee kaf, tey mu ne cell,
mel ne du moom.
Haa, Góora tey soppeeku na
ba jaaxal seexam.
Kinnee ngi naan ko : « Góora,
wax ma lu xew ? »



Ñu jekki-jekki dégg riiru oto.
Ñu tijji buntu ekool bi, oto bi dugg.
Noonu, mu am ñu wàcc, dugg ci biro direktëer bi.
Ñu génn, duggaat ci beneen kalaas ak seen i jumtukaay.



Elew yi raŋ nañu, di dugg Kenn-kenn.
Ku génn, sa kanam leer, ngay ree.
Góora ne : « Xanaa dañu fiy maye neexal tey ? »
Mu ngi naan : «  Jóge ci pikiiru, di xàqataay, lu bees la.
Maa ngi koy soog a gis, man xaritoowuma ak piŋŋ de. »



Góora gis na seexam Kinne, di tàppante ak moroomam yi.
Mu ne ci xelam : « Déedeet, warul metti, loxo doktoor bi dafa sedd. Mën na am itam ñakk yee wuute. Doktoor bi, ni muy muuñe nii, ku baax la war a doon. »



Saa yu Góora waree dugg, may palaasam keneen.
Mu foogoon ne kenn gisu ko.
Seen muse woo ko, laaj ko : « Góora, lu xew ? »
Mu ne ko : « Sama ndoŋ li mooy metti Muse. »



Muse ne ko : « Sa moroom yépp ñakku
nañu, yaw doŋŋ a ci des.
Yaakaaroon naa ñakku nga bu yàgg,
fii gisuloo fi kenn. »
Muse téye na ci loxoom, dugg kalaas
bi ñuy ñakke.
Góora ne ko : « Muse dama saf saw. »
Muse ànd ak moom ca wanag wa, indiwaat
ko mu toog.



Mu ne ko : « Sama tànk dafay pat-pati. »
Muse ne Góora :
« Ñàkku mettiwul doo ko yëg sax.
Bul def sa xel ci ñakk wi, melal ne kuy seetaan futbal. Bu ko defee, doo yëg sax ne ñakku nga. »



Noonu, Góora fireeku, kanam gi leer,
muy ree.
Ni muy waxtaane ak muse bi, doktoor bi
téye loxo bi, pikiir ko.
Doktoor bi noppi, ne ko :
« Waaw góor, ba beneen yoon. »
Góora xamul lu xew, mu ngi naan :
« Doktoor ba beneen yoon. »




Góora bég na, mu ngi fo ak xaritam yi,
di daw.
Kinne ne ko, Góora seet naa la fii yépp,
foo nekkoon ?
Góora tontuwu ko, muy gën a fo.
Doktoor bi dem na, gisatul oto bi.
Kinne ne ko : « Xanaa kon
ñakku nga ba noppi ? »




Góora ne ko : « Déedeet, damay xaar ba beneen yoon. »
Kinne ne ko : « Nga ni lan ?
Sama nopp yee neexul walla?
Xaar laa dégg, xaar ba kañ ?
Lii du fi ame, xaaral ma boole la. »




Noonu Kinne dem seeti seen muse.
Muse Juuf laaj ko :
« Lu xewati ? »
Kinne ne ko :
« Muse ndekete Góora ñakkuwul.
Leegi laa ko gis, laaj ko, mu wax
ma ne ñakkuwul.
Laajal sama xarit yii taxaw,
mën nañu ma seede. »



Muse Juuf ne ko :
« Góora ñakku na sama kanam.
Dafay kaf rekk moo tax mu wax la loolu, ana mu sax ? »
Noonu, Góora ñëw ne : Jërëjëf Muse Juuf.
Yaa tax ba tiituma, waaye bu beneen yoonee, dinaa ñakku. »



Muse Juuf ne : waaw, damay bëgg
jommi walla ?
Dafa mel ne Góora mu ngi ci dëggam, ak ni
muy waxe nii. »
Mu téye loxo Góora, ëñ simis bi,
won ko fi mu ñakku.
Mu ne ko : « Góora, doo ma wax lii lan la ?



Noonu Góora tàmbali sotti rangooñ.
Kinne ne Muse : « Jooyul de, dafa bég rekk.
Nii lay def kër ga, saa yu kontaanee.
Xale yépp tàccu ko, naan ko : «  Góora,
Góora ! »

# Mboor, buqat bi



Nu ngi biir kalaas, sunu  Madam génn,
ba mu yàgg mu dellusi.
Madam Sekk ne nu : «  Am na ay doktoor
yu war a ñew ci kanam. Dañu nuy ñakksi. »
Mboor, kenn ci elew yi ne : « Madam, mbaa
du metti ? »
Madam Sekk ne ko : « Tuuti rekk waaye
sunu njariñ la.»



Tontu Madam Sekk taxul Mboor dal.
Kolos bi jib na, ñépp génn foyi
ci ëttu ekool bi.
Mboor leru miir bi, daw génn,
kenn gisu ko.
Xale yaa ngi fo, kenn xamul ni sax Mboor
ñibbi na.



Duggaat nañu kalaas di ree.
Waa kër doktoor yaa ngi taxaw ak seen i jumtukaay.
Elew yi di ubbi bët yu rëy.
Gis nañu pikiir yi waaye ku ne yaa ngi dëgër–dëgërlu.



Madam Sekk woo na xale yi
benn-bennal leen.
Xadi moo jëkk a jàll, pikiir nañu ko
waxul dara.
Ismaylaa ci topp, gaññ na tuuti.
Maryaama moom, dafa dummooyu,
tëj ay bëtam.
Asan tamit waxul dara.



Matel moom, raful sax, jàmbaar la.
Bi ñu woowee Mboor, kenn wuyuwul.
Ana Mboor ?
Gisuñu fa kenn, Mboor dafa ragal pikiir, daw na ñibbi.



Waa kalaas bi yépp ñakku nañu.
Ñakku mettiwul te dafa lay aar ci jàngoro.
Soo ko xasee ba def, mucc nga
ci tawat yu bare.
Sa yaram dina tàng tuuti, waaye du yàgg.



Sunu Madam dalal na nu, bi mu santee ñakkkat yi ba noppi.
Moom ci boppam, moo jëkk a ñakku ngir nu bañ a ragal.
Fi mu nekk nii, ñakk wi aar na nu ci feebar.
Dara dootunu tëral.



Ca ëllëg sa, Mboor dellusi kalaas.
Bi ko Madam Sekk laajee, mu ne ko boppam dafa doon metti.
Looloo tax mu ñibbi.
Teewul mu soññ ko, ne na dem lopitaal ñakkuji.
Mboor ne ko waaw, waaye defu ko.




Bi mu toogee ba am weer,
Mboor ñëwatul kalaas.
Madam Sekk yëgal nu ne Mboor dafa feebar ba àntare opitaal.
Xale yi booloo dem seeti ko ca ëllëg sa.
Opitaal ba sore na waaye ñoom Laay ak Faati dañu ko dox.
Bi ñu yeggee, ñu ngi fekk, mu tëdd di woccu.



Yaramam a ngi jeex tàkk.
Moroomu elewam yaa ngi ko wër,
ku ne jaaxle.
Talul sax wax ak ñoom ndax dafa sonn lool.
Maryaama dafa ko yëram bay jooy.



Yàggul fajkat bu jigeen bi ne leen ñu ñibbi.
Xale yi génn nañu ak njàqare.
Ñii naan : « Su ñakku woon ni nun, ndax lii dina ko dal ? » Maymuna ne : « Déedeet, su ñakku woon moom lii du ko dal ! »



Toog nañu fanweeri fan, Mboor soog a jàngsi. Mu ngi sew ruuj ni bantu bale, bëtam yi xóot ci biir.

Madam Sekk woo ko, ne ko : « Li nga ñakkuwul moo la sonal. Ñakk dafay musal nit, di ko aar ci jàngoro. »




Mboor jékki-jékki rekk tëdd ci taabal ji.
Madam Sekk tiit, ñëw ci wetam : « Lu la jot doom ?
Mu ne ko : « Amatuma kàttan, dama sonn ci toogaay bi. »
Ñu wut oto, dugal ci Mboor, mu ñibbi.



Ca ëllëg sa, mu dellu lopitaal,
moom ak yaayam.
Doktoor bi bindal ko ay ferñent.
Mënul dem farmasi jëndi ko, amul xaalis.
Seen benn dëkkandoo bu baax dem jëndi
garab yi, may ko.



Mboor toog na seen kër,
yaayam di ko toppatoo.
Naan na garab, pikiiru na ay pikkiiri
kàttan, soog a am tan.
Benn pikiiru ñakk la doon daw te sampal
nañu ko ay biteel.
Bi mu génnee lopitaal, pikiiraat nañu ko
yeneen i pikiir.
Mboor réccu na li mu ñakkuwul woon.



War na dabu bés yi mu demul jàngi.
Maryaama abal na ko kayeem, muy nafar.
Beneen yoon, dina takk fitam,
ñakku ni ñépp.
Aar sa bopp ba mu jotee, dina tax ba
jàngoro du la tëral.

# Xam naa sama wareef ci gox gi




Leegi, daara yi bër nañu, gox ba Aadama dëkk xumb na lool.
Guddi ak bëccëg, dëkk baa ngiy riir, kenn mënu fi noppalu.
Suba teel, xale yi jóg, di futbal, di fo ak a yuuxu.
Bu ngoonee, xumbeel yi door boole ko ak sabar yu tar.
Guddi gu ne, ñuy xumbal ba fajar.



Loolu jaaxal Aadama ak waa këram,
ndax maamam dafa feebar.
Mu jaaxal magi gox bi yépp, ñuy tawat
naan dañu sonn.
Duñu nelaw bu baax te dañuy am jafe-jafe
su ñu bëggee génn.
Menn mbooloo mu dajale doom aadama yi
ak i mala ne lii jaaduwul.
Ñu ne fàww ñu jóg ci leegi.



Abdu moo jiite mbooloo mi, picc Ramatu
topp ca moom.
Balaa ñuy tàmbali lenn, xale yi,
Picc ak Soccet ñooy dem gëstuji.
Ñaari xale yu ne ànd ak ñaari picc
ak ñetti soccet.
Picc yi ak soccet yi ñooy jàppale xale yi.



Picc yi wékkoo diktaafon yi, soccet yi lonkoo mikoro yi.
Xale yi téye seen i kaye ak seen i big di bind.
Dinañu laaj ñépp, nit ak bàyyima,
luy seen naqar.
Ñuy dugg këroo kër, ngir saytu ak laaj nit ñi seen i xalaat.
Bi ñu wëree fépp, gëstu ba noppi,
ñu toog ci ëtt bi.



Ñu ne dañuy bind lépp li ñu jële ca seen gëstu ba.
Poñ yii lañu fa jële :
- Xale yi, ci buntu kër yi lañuy futbal.
- Dëkk bi, kenn mënu fee noppalu, muy guddi, di bëccëg.
- Gox bi dafa tilim, xasaw xunn, lëndëm.



- Ku am sa ndox mu bon rekk sooti ci mbedd mi.
- Bés bu nekk picc yi tànt, di woy ba fajar.
- Nag yi ne béy yi joxuñu leen cër.
- Làmp bu ñu indi ci koñ bi, golo yi toj ko.

Ñu ne : « Waaw leegi lu ciy pexe ? »



Njóogu ne dañuy yee nit ñi ci seen i yelleef ak i wareef.
Ñu xam ni ñu war a nekke ak seen waa gox.
Majigeen, mi bokkoon itam ca mbooloo ma, ne : « Waaw nan lanu koy defe ? »
Ku nekk ci ñoom di xalaat li gën a baax.

Pitax ni : « Nanu def ay po yuy wone wareefi nit ak dëkkandoom.
Seku ne : « Nanu yebal ay ndaw këroo kër ñu waxtaan ak ñoom. »
Ramatulaay ne : « Nanu dem ci rajo yi, wax, yeete.
Sàmba ne : « Walla nu def ay taf ci mbedd yi. »
Ku nekk di wax lu mu xalaat, joqalante ba xumb lool.



Njéeme moo gënoon a tuuti
ca mbooloo ma.
Juroom-benni at rekk la am waaye loolu
teewu koo muus.
Mu xalaat ba mu yàgg, mu ne :
« Ay alamaan. »
Ku ne geestu di ko xool, di xaar
mu yeggale xalaatam.



Njéeme jox leen njàngat lu jëm ci wareefi doom *aadama*.
Ñépp ree waaye ñu xam ni li mu wax dëgg la.
Ñépp nangu li mu wax.
Ñu ne leegi nag nanu lim wareef yi nit war a xam.



Ñu woo Soccet, mu toog, ñu teg ci ginnaawam kaye, di bind.
Ñu def ay rëdd, daldi ca bind :

- Sàmm àqu dëkkandoo ci nuyoo, wone yar, def lu baax.
- Jàppale ñi amul doole, ñu mel ni xale yi ak màggat ñi.
- Déggal mag ñi, waajur yi ak jàngalekat yi te toppatoo leen.

- Jox cër màndargay réew mi, raaya bi, meer yi ak ñoom seen.
- Jox cër takk-der yi, toppatoo sunu yëf ak lu ñépp bokk.
- Joxe sama xalaat ci yar ak teggin.
- Jox cër ku ma bokkal ak ku

ma bokkalul xeet.
Pitax daldi jàngaat lépp lu ñu bind
ci kaye bi.




Ñu sottiwaat ko ci kayit yu bare.
Ñoom ñépp ànd, dem tafi ko ca mbedd ya.
Ñu def ay po ak teyaatar ci koñ bi,
woo ñépp.
Ramatulaay ànd ak Muusaa ak Seku dem
ca rajo ba di yeete.
Ñu fexe ba ñépp jot ci wareef yooyu.

Waa koñ ba, nit ak bàyyima ne xam sa
yelleef baax na.
Waaye xam sa wareef ak sa
warugar a ko gën.
Ab diir rekk, xumb-xumb yi wàññiku bu
baax ci yenn waxtu yi.
Picc yi bàyyi nañu xumbal guddi yi,
bu fukki waxtu jotee, lépp tas.




Waa dëkk bi ñépp nekk ci jàmm,
dund bi neexaat.
Benn bés, Lamin, ab xale bu tukki woon
lu yàgg, ñibbisi.
Mu toog ay fan seetlu ni gox bi
dafa soppeeku.
Bu guddi jotee rekk, kenn dootul dégg tëgg.



Muy laaj xanaa dëkk bi amatul xumbalu guddi.
Te leegi dëkk bi dafa set,
neex, kenn jàmbatatul.
Ñu xamal ko ne dañu yee waa dëkk bi ci seen i wareef.
Mu ne : « Aah ! Lii key moo tax dëkk bi soppeeku. Ñàkk a xam daal li mu waral bare na te dafay indi fitna. »

# Bunaama, xale bu baax



Bunaama, xale bu am juroom-ñetti at la,
dafa dëkk ak yaayam.
Bi mu amee ñeenti at la pàppaam gaañu.
Yaayam sonn lool, barewul xaalis,
waaye nekk nit ku baax.
Suba su yeewoo, mu daani dooleem,
du tàyyi, du bàyyi.
Foo ko fekk muy kër-këri ngir am lu mu
dundale doomam.

Yaayam bëgg Bunaama di lekk bu baax.
Mu bëgg itam mu nekk xale
bu yaru te am njariñ.
Yaayam jàngal ko ay wareef yu baax
yu mu war a xam.
Mu ne loolu dina tax mu am njariñ tey
dimbale waa goxam.




Benn bés, seen madam ne leen
dañuy dem Lag Roos.
Yaayam jox ko benn saag, defal ko
ci ndox ak añam.
Mu jox ko téemeer ne ko bumu ko gaaw a jaay.
Yaayam xam na ni Bunaama dafa bëgg
sokolaa ak tàngal.
Mu ne ko : « Bul ko jënde sokolaa ak
tàngal de ! »

Bunaama jàpp bu baax li ko yaayam wax, mu daldi dem.
Mu toog ci wetu palanteeru oto bi, di xool yiy romb.
Yàggul dara, oto bi taxaw, ñu wàcc, moom ak yeneen xale yi.
Ñu waaxu, wuti dex ga ; ndox ma rafet, niroo ak melo sippax.
Melokaanu ndox ma moo tax ñu tudde ko Lag Roos.




Xale ya jàng, fo ca wetu dex ga,
lekk, waxtaan.
Ba ñeenti waxtu jotee, madam Ba woote.
Bunaama ak ay waa kalaasam war a dellu.
Ñoom ñépp jóg, wuti oto ba.
Bunaama dem bay bëgg dugg, fàttaliku ne
wacc na fa saagaam.
Mu dellu di ko seeti.

Noonu rekk mu gis genn góor gu mag gu fakkastalu, faf daanu.
Góor ga di onk, di woote ndimbal naan :
« Wóoy, dimbaleleen ma ! »
Bunaama dawsi fekksi ko, laaj ko mbaa gaañuwul.
Góor ga tontu ko ne : « Gaañuwuma lool, waaye sama tànk dafay metti. »
Bunaama dimbale ko mu toog, mu daldi daw dugg ci benn bitig.



Mu jël xaalisam, jënd benn biteelu ndox,
dem jox góor ga.
Kooku naan ca ñetti guux, daldi noyyiwaat.
Mu daldi sëlmoo la des ca ndox ma.
Mu gërëm Bunaama, ñaanal ko, ne ko :
« Ku baax nga te yaru. »
Bunaama gis ni góor gi amaat na kàttan,
mu daw fekki moroom ya.



Madam Ba dafa jaaxle woon lool,
bi mu ko gisulee.
Xamul fu Bunaama dem,
fu nekk wër na ko fa.
Bi mu ko gisaatee, mu ne uf, xelam dalaat
waaye mu soow ko.
Mu ne ko : « Jaaxleloo nga ñépp,
foo nekkoon ? Ayca duggal, foo nekkoon
sàng ba leegi ? »



Bunaama ne ko : « Sama saag laa fàtte woon. Ma dem di ko jëli gis genn góor gu fakkastalu daanu. Moom laa doon dimbale, looloo ma yeexal.

Madam Ba soow ko, ne ko : « Yow dangay taxawaalu, dinaa la pini ndax bu beneenee dooto ko defati. »

Madam teg ko daanu setal kalaas bi
ca ëllëg sa. Bunaama setal kalaas bi ba mu set boole ko ag mbégte. Xam na ni madam gëmu ko waaye moom gëm na boppam. Xam na ni def na lu baax ni ko ko yaayam waaxe woon.
Madam gis kalaas bi ni mu sete, mu ne ko :
« Jaaraama. Su beneenee nag, bu ñépp dee ñëw, nanga ñëw ànd ci. »




Mu yokk ca ne : « Dëkk bi wóorul, bu ñu la sàccee nag ? »
Bi mu ñibbee, mu nettali yaayam li mu def fa mu demoon.
Yaayam bég lool ci li mu taxaw, dimbale nit ku sonn.
Ñu toog ay weer, ekoolu Bunaama am xew-xew bu mag.

Dañu leen waroon a jox i neexal, ndax jàng nañu ba ekool tëj.
Bunaama ne yaayaam na ñëw ak moom.
Yaayam solu ba jekk, ànd ak moom,
ñu dem ekool.
Bi ñu eggee, mu fekk fa ay xaritam yépp.
Mu fo ak ñoom, bég lool, di curp-curpi.



Nees tuuti, kolos bi keleŋ-keleŋi,
ñépp jegesi, toog ci siis yi.
Direktëer bi jox neexal xale yi jàng bu baax yépp.
Bunaama itam am na ay neexal yu bare.
Képp ku war a am neexal ci njàng,
jox naÃ±u ko.
Ñu ne leegi dañuy neexal ñi gën a ràññeeku ci at mi.

Bunaama jekki rekk, dégg ñu woo turam.
Mu jaaxle naan : « Waa man lu ma def bay am ndam ? »
Direktëer xool ko ak bët yu lewet ngir mu ñëw jegesi.
Bi muy yéeg di wuyuji, mu gis genn góor gu mag.
Mu mel ni dafa ko xàmmee, waaye xamatul fan la woon ?



Góor gi ne ko : « Fàttaliku nga ma ?»
Bunaama yëngal boppam ne ko déedeet.
Mu ne ko : « Yaa ma dimbale woon ca Lag Roos, danga fàtte ? »
Xelam dellusiwaat nag ci na mu ko dimbalee woon.
Mu ne ko : « Jëf ju rafet nga defoon, dimbale ku sonn.

Nit ku baax nga, maa la jox neexal bii. »
Neexal bi di kub bu rafet, ñu bind ca
« Xale bi ràññeeku ci at mi. »
Góor gi ne ko : « Dinaa la dimbale
ci lépp loo bëgg. »
Mu tàllal ko genn kayit ne :« Nanga ma
seetsi ak sa yaay. »
Yaayam bég lool, ne : « Soo yaroo macc
tàngal, yëy guney ngaay, suuy ! »

# Sooda jël na ndam li



Sooda, elew bu bëgg jàng la, moo raw
ci seen kalaas.
Muse jox na ko ay neexali jumtukaayu
njàngaan yu bare.
Boyet bi fees na ak ay kompaa,
ekeer, kaye, keryoŋ.
Am na itam saag bu réy bu def
ay téere ak diksoneer.
Ndokkeel nañu ko ci kanamu moroomam yi.

Yaayam ak Pàppam bég nañu lool ci seen doom Sooda.
Sawar na, nangu na liggeey, bëgg na jàng.
Am na fulla ak fayda ci lépp lu muy def.
Dina jàppale ñaari rakkam yi ba ñu mokkal.
Jàngal na xaritam Seku, mu mën a wañña leegi ba ñaar-fukk.



Njàngam, du ko boole mukk ak po.
Saa yu wàcce ekool, dina nafar lesoŋam.
Lu mu xamul dina ko laaj Seku,
gëstu ko, peeg ko.
Li mu jot a xam, dina ko gën a dëgëral.
Saa yu Sooda taree li muy jàng, Seku dafa koy toppandoo.

Gis na yaayam ni mu sonne ci liggeeyu kër gi.
Bés bu jot mu dem tool, togg añ ak reer.
Gis na pàppaam li muy daj
ngir dundal leen.
Bu xëyee dem tool, bu noppee
dem màrse jaayi.



Bés bu nekk waajuram jàjj ko ci njàng mi. Lépp lu mu soxla ci njàng mi, jëndal nañu ko ko. Lépp lu moroom yi sol, am na ko, ñeewul kenn. Yére yu ne gàññ la am ak i dàll, waaye taxu koo fuuy.

Sooda bëgg na sore lool ci njàngam,
dem ba iniwersite.
Jàng lu jëm ci wér-gu-yaramu ndey
itteel na ko.
Jàng itam lu jëm ci wàllu jur soxal na ko.
Doktoor sinekolog la bëgg a doon ëllëg.



Jigeen ñiy ñàkk seen bakkan sunuy matu metti na ko.
Ëmb yiy yàqu ci ñàkk a xam tiis na ko.
Gis na jigeen ñiy nef ci dëkk bi, sonn lool.
Bëgg na bokk ci ñiy jàppale jigeen ñiy ëmb bu ñuy mucc.
Seku nee na ko mu boole ci pajum picc yi.

Sooda, génnam barewul,
xanaa soxla su jamp.
Li koy yékkati, bokk na ci set-setal
ci dëkk bi.
Su ko defee, mooy jiitu ci liggeey bi,
indaale baleem.
Dina takk séram ba mu dëgër, jiital ñaari
rakkam yi.




Bu ñu wootee sabar, kenn du ko fa séen.
Du dox mukk ci po walla ci caaxaan.
Këram lay toog ak seku ak i rakkam di jàng ak di nafar.
Ku ci mokkalul mu sa la, jàppale la ci tàggatu yi.

Bu ekool tëjee, day jàppale yaayam ci tool yi.
Moom ak rakkam ñooy séddoo liggeeyi
kër gi, Seku di leen kekkantoo.
Natt bi yaayam bokk, moo yore kayitu
xayma wi.
Booba ak leegi dara dëngul ci waññi bi.



Waa dëkk bi wóolu nañu ko ndax
xale bu jub la.
Téye na tànkam, téye na loxoom,
jàpp na njàmburam.
Ku nekk bëgg nga am doom
ju mel ne Sooda.
Sooda yaru na, yeewu na, yaatu na.

Du tooñ, du xuloo, du tongoo, du ŋaayoo.
Xale bu teey la, siisul, sobul, soxarul.
Kenn masu ko fekk muy xeex, talu ko sax.
Foo ko fekk, mu ngiy jubale
ñaar ñu jàppante.
Dina toppatoo wérug Seku, li muy lekk ak li muy naan.



Ekool tànn na Sooda ci ab joŋante bu réy.
Seen muse woo na ko, xibaar ko ko.
Ekool bi am na ci moom yaakaar lool.
Bu bokkee ci ñett ñi jiitu, dina am bursu.

Dafa mel ne li ko Muse wax, yokk na ko jom.
Fu mu tollu, mu ngi nafar ndax bañ a fàtte.
Xam na ne xel mu neex doyul.
Looloo tax du tàyyeel ci jéemantu.
Bu sonnee bay dajjant, Seku cof ko ci nopp mu yeewu.



Sooda bëgg na jiitu ci joŋante boobu.
Gàddu ndam li, gën na koo sawarloo.
Mu ngi waajal boppam ci fànn yépp.
Mokkal na lu aju ci jëf ci mbindin.
Jàpp na lu aju ci jëf ci waxin.

Ba mu jiitoo ci tànneef yi, jaaxalul kenn.
Sooda siggil na boppam, siggil ekoolam, siggil ay waajuram.
Teg na Seku ci mbaggam, ne ko :
« Bul jaaxle nooy ànd. »
Bursu bi dina ko dimbali ci li des ci njàngam. Jàng daal mooy caabi jiy tijji buntu xam-xam.

Ce livret décodable gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN